

## Pwogram Ranfòsman Paran ak Timoun (PACE)

PACE ofri kou pou edikasyon timoun gratis pou parn timoun 0-6 lane nan plizyè kote nan Miami-Dade County sou plas ak sou Entènèt. Espesyalis devlòpman PACE yo ede parn yo konprann tandans ak bezwen devlopman timoun yo yon fason pou ankourage devlopman yo nan pi bon kondisyon posib.

### Ki moun nou ye

Cayuga Centers se yon ajans sèvis sosyal ki pap fè lajan 501(c)(3) eki akredite sou plan nasyonal yo te fonde nan lane 1852. Li ofri sèvis kalte siperyè ki chita sou prèv ak rechèch. Cayuga Centers bay yon pil ak paket sèvis sou plan nasyonal, ak biwo nan plis pase dis vil. Ajans lan espesyalize nan bay divès popilasyon sipò ki endividyalize, pou andikape tou, kòmsadwa sou plan kiltirèl, epi ki adapte pou chok twomatis.



## Pwogram Ranfòsman Paran ak Timoun (PACE)

Pou plis enfòmasyon, tanpri kontakte:

**Rosario Aguero**  
**Manadjè Pwogram**  
[rosario.aguero@cayugacenters.org](mailto:rosario.aguero@cayugacenters.org)  
(786) 810-0649



14645 NW 77 Avenue, Suite 204  
Miami Lakes, FL 33014  
(305) 685-0381

cayugacenters 

## Pwogram Ranfòsman Paran ak Timoun (PACE)

Aprann kijan pou valorize potansyèl pitit ou



### Pandan paran ap kominike avèk pitit yo, yo pral:

- Aprann jwèt ki bon pou developman
- Prete plis atansyon ak bezwen timoun nan
- Ogmante konesans ak konprenansyon sou devlopman timoun nan
- Ogmante konfyans nan wòl paran yo kòm paran
- Jwenn kè kontan nan jwe wòl paran yo

### Atravè jwèt ki koresponn ak laj yo timoun yo pral:

- Aprann rezoud pwoblèm
- Teste lide yo
- Devlope imajinasyon yo
- Devlope vokabilè yo
- Kominike panse, santiman ak bezwen yo
- Entèaji ak moun sou plan sosyal

### Klas edikasyon paran

Nan yon anviwònman ankourajan PACE kouvari yon pil ak pakèt sijè pou amelyore konpetans paran.

### Paran pral konsantre sou sijè tankou:

- Aktivite pou developman
- Repons pou bezwen ak detrès timoun
- Separasyon
- Atachman
- Kominikasyon
- Fiksasyon limit
- Disiplin pozitif

Diskisyón yo ap pote yon dinamik nan angajman paran nan pwosesis pou yo dekouvrir, koute, epi kwè nan pwòp esperyans yo pandan y ap kòmanse konprann epi reflechi yon lot jan sou siyifikasyon ki dèyè konpòtman timoun yo ak entèrakson yo.

Klas edikasyon paran pou paran adolesan yo pral adrese pwoblema espesifik yo fè fas ak yo. Nan yon tet kole ak Teenage Parent Program (TAP) nan Lekòl Piblik Miami-Dade County, PACE Teenage Parenting Classes bay konpetans ak zouti ki nesesè pou akonpaye timoun ti pitit yo sou plan emosyonèl, kognitif ak sosyal.



### Se Children's Trust ki finanse Pwogram Ranfòsman Paran ak Timoun, PACE.

Children's Trust se yon sous revni spesifik yo kreye nan yon referandòm elektoral pou amelyore lavi timoun ak fanmi nan Miami-Dade County.